


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Мæздæги районы станицæ Раздолненьскийи цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 36 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се ‘мзæнхонтæ сæ райгурæн гъæуи нииввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№12 (793) 2021 анзи 8 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

### ЗОНУЙНАГ



## ПОЭТИ НОМБÆЛ ПРЕМИЙ АККАГ КА ИСУОДЗÆНÆЙ...

Номдзуд поэт **Хъамбердиати Мисости** номбæл паддзахадон премий фæдбæл къамис игъосун кæнуй, 2021 анзи литератури къабази преми иснисан кæнуни туххæй уадзимистæ есун ке райдæдта, е.

Паддзахадон преми лæвæрд цæуй æртæ номинаций («прозæ», «поэзи» æма «драматурги»), 35 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, аллихузон литературон уадзимисти еци автортæн. Уадзимисти гъæуама лæмбунæг æргомгонд æрцæуонцæ уодварни гъомус æма патриотизми темитæ. Æркæсунмæ ист цæунцæ ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл 2019-2020 æнзти финст æрмæгутæ.

Гæгъæдитæ бадæттæн ес 2021 анзи 1 майи уæнгæ уæхæн адресбæл: Дзæуæгигъæу, Сæребари фæзæ,1, хецауади Хæдзарæ, 337-аг кабинет, тел.: 53-33-94. Еугур гæгъæдитæ дæр бацæттæ кæнун æнгъезуй Хъамбердиати Мисости номбæл паддзахадон премий туххæй уагæвæрди (федаргонд æрцудæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги 86-аг Указæй 2013 анзи 1 апърели) бундорбæл.

Лæмбунæгдæр æрмæг базонæн ес Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Культури министради сайти: http:/ mk/ alania/gov.ru/news /2436.

## ÆРДЗÆ – НÆ КОВÆНДОНÆ, ХУÆРЗÆГЪДАУÆЙ СИ НÆХЕ ДАРУНБÆЛ ГЪÆУАМА АРХАЙÆН...



Нæ нуриккон доги гузавæйагдæр фарстатæй, æвæдзи, еу æй, нæ алфамбулай æрдзæмæ æгæр æбæрнон цæстингас дард ке цæуй, е. Раст цума ни феронх æй, æрдзæ нæ цардарæзти цæйбæрцæбæл агъазиау бунат ахæссуй, уой фæрци нин ке ес равгитæ нæ фарнæ федауцæй исфæлдесунæн.

Угæ уавæр, исрастгæнæн ин нæбал ес, зæгъгæ, уоййасæбæл æдзæллаг нæй. Хуарз æма паддзахади фæрци дæр æма æхсæнади ‘рдигæй дæр берæ ахсгиаг мадзæлттæ арæзт цæуй æрдзæбæл ауодундзийнади туххæй. Уæлдай æхцæуæн ба е æй, æма уони æхсæн фур берæ ке ‘нцæ фæсевæд. Етæ барвæндонæй аразунцæ берæ аллихузон мадзæлттæ æрдзон адæймаги фудмиуæ архайди фæстегутæ райеуварс кæнунбæл, æрдзæн æ цæмæдесдзийнадæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау. Сæ еци хъæппæрес цæйбæрцæбæл арфиаг æй, е ба бæрæг æй уомæй дæр, æма си нæ республики æрдзон фæрæзнити æма алфамбулай фалдзостæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Хидирти Батраз** куд боз æй, уомæй дæр. Сæ хъæппæресæй арæзт мадзæлтти е æхуæдæг дæр е ‘мкосгути хæццæ зæрдиагæй фæййархайуй. Сæрмагонд арфи хуæрзеугутæй райарфæ кæнун æрдзæбæл æригон ауодунгæнгутæй сæ æновуддæртæн. Уонæй еу æй **Цæллати Мирабеллæ** дæр.

Æрдзæ гъæуай кæнуни фæдбæл фарстати туххæй æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

### НОМЕРÆН




## «ÆЗ УЕ ‘ХСÆН – МЕГЪТИ ‘ХСÆН АРВÆРТТИВД...»

*Агъазиау искурдиадæгин поэт ГИБИЗТИ Оскарæн (1960-1993) фæлварæ Дзæуæгигъæуи киунугæуадзæн «Ир» рауагъта æ уадзимисти еума æмбурдгонд «Хори цæстисугтæ». Аци киунугæ бæлвурддæрæй дзиллæн бавдесуни фæдбæл цуппæрæни, 8 апърели Цæгат Иристони национ зонадон киунугæдони (Дзæуæгигъæу, Коцойти Арсени гъæунгæ, 43) арæзт æрцæудзæнæй сæрмагонд мадзал, æ райдайæн 14 сахаттебæл.*

*Гибизти Оскари нæуæг киунугæ хъæбæр берæ цæмæйдæрти цæмæдессаг æй. Фиццагидæр ба уомæй дæр, æма берæвæрсугон æй, хаст имæ æрцудæнцæ æдзард финсæгæн е ‘мдзæвгитæ, радзурд, æлвæст гъудитæ, æ исфæлдистадон карни алли æнзти финст финстæгутæ, уæдта æхе туххæй финст уацтæ æма æмдзæвгитæ. Киунугæ исаразунбæл зæрдиагæй байархайдта æма ин раздзурд ниффинста поэт æма финсæг, республикон литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактори хуæдæййевæг КОЛИТИ Витали. Еци æрмæг абони мах дæр мухур кæнæн.*

***

Поэзий дуйне мæмæ цæмæдæр гæсгæ фæккæсуй æрвон итигъдади хузæн. Арви æгæрон реубæл куд берæ мингай стъалутæ райтигъдæй, уотæ æнæнимæцон æнцæ æмдзæвгитæ дæр.

8

*Зундгонд францусаг финсæг Никола ШАМФОР (1741-1794) уæхæн гъуди загъта: «Фулдæр хæттити æхсæнадæ адæймаги æгъатир искæнуй. Æгъатир исун ке бон нæ фæууй, ейæ ба гъæуама æхе уотæ дара, цума кемæнтæй цох æй, гъома, аразгæ миутæ гъæуама кæна, кенæ ба ибæл нæлгоймæгтæ дæр æма силгоймæгтæ дæр сайдæй цæудзæнæнцæ...»*



ТУСКЪАТИ Таймораз æма МАХЪОТИ Ацæмæз центр «Фарн»-и иснæуæггонд азгъунст игон кæнгæй.

# ЕСКЕ АРТМÆ УОДÆН БАТАВÆН НÆЙЙЕС!..



Дзæуæгигъæуи ДЗАНАЙТИ Азанбеги номбæл аййевæдти училищей нæуæг спортивон зал.

УРУССАГ философ æма историк Николай Трубецкой (1890-1938) æ публицистон куститæй еуеми уотæ финста: «Хуæдхузæнон национ културæ агъаз æй, хецæн адæймæгутæ цæмæй сæхе балæдæронцæ, базононцæ, уомæн… Æма «æхе ка базудта», æхе «æз» ка иссирдта, уæхæнттæ цæйбæрцæбæл фулдæр уонцæ, уойбæрцæбæл æнтæстгиндæрæй цæудзæнæй куст хуæдхузæнон национ цæсгон иссерунбæл, уæдта æцæг национ културæ исаразунбæл…»

Номдзуд ахургонди аци гъуди уомæ гæсгæ æримистан, æма фæстаг æнзти нæ республики берæ ахсгиаг мадзæлттæ арæзт цæуй нæ национ култури хуæдхузæнондзийнадæ багъæуай æма фæгъгъомусгиндæр кæнуни туххæй. Уой фæдбæл берæ цæмæдессаг дæнцитæ æрхæссæн ес.

Зæгъæн, æрæги Дзæуæгигъæуи бундорон исцалцæггонди фæсте нæуæгæй байгон æй нæ адæми традицион култури æма этнотуризми центр «Фарн»-и азгъунст. Уой фæдбæл кадгин мадзали архайдта нæ республики Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз** æма е центри директор, æ аййевадон разамонæг **Махъоти Ацæмæзи** хæццæ ралух кодтонцæ азгъунстмæ бацæуæни сурх лентъæ.

– Иннæ анз цитгинæй бæрæг кæндзинан Аланистонбæл исаргъуди 1100 анзей бæрæгбон, – загъта æ радзубандий Тускъати Таймораз. – Е агъазиау æма кадгин цау æй айдагъ Иристонæн нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсейæн дæр. Фиццагидæр, уой зæгъун гъæуй, æма уой фæрци нæ адæми цардиуаги æрцудæй, размæкæнуйнади ахедундзийнадæ кæмæн адтæй, уæхæн æййивддзийнæдтæ. Федарæй зæгъун æнгъезуй, аци размæхонæг æма разæнгардгæнæг тухæ агъаз фæцæй Иристони уодварнон-културон, социалон-экономикон райрæзтæн. Рæстæгутæ æма цаутæ ирдæй равдистонцæ, 1100 анзей размæ нæ кадгин хестæртæ раст унаффæ ке рахастонцæ, уой. Киристон дини фæрци нæмæ никки хъæбæрдæр рапарахат æй материалон културæ, аргъауæнтæ ба иссæнцæ културæ æма рохсади центртæ. Раст уодзæнæй уотæ зæгъун дæр æма дини кустгæнгути рохситауæн архайди фæрци нæмæ фæззиндтæй искурдиадæгин ахургæндтæ, финсгутæ, рохситаугутæ. Æхсæнади райгъустæнцæ Хетæгкати Къостай, Колити Аксой, Гурдзибети Блашкай, Гæдиати Секъай нæмттæ, дзиллитæ син базонгæ ʻнцæ сæ разагъди исфæлдистади хæццæ. Мæнæ нæ национ култури артдзæсти иснæуæггонд азгъунст ке байгон æй, е дæр Иристони размæцудæн æ берæнацион адæми културæ æма традицитæ багъæуай кæнунæн ке фæййагъаз уодзæнæй, е дузæрдуггаг нæй.

Тускъати Таймораз æ хæццæ ма Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг **Фæрниати Тамерлан**, республики култури министр **Къубалти Эльбрус** æрзилдæнцæ центри бæстихайбæл. Концерттæдæттæн зали сæбæл музыкалон композицийæй исæмбалдæй Махъоти Ацæмæз разамонæг кæмæн æй, центри еци музыкалон коллектив. Ци зали цагътонцæ, е арæзт æй нуриккон музыкалон æма акустикон еугур домæнтæмæ гæсгæ. Дуккаг уæладзуги æрбунат кодтонцæ репетицигæнæн зал, æндæр гъæугæ къæбинеттæ.

Еци бон адтæй никкидæр ма еу æхцæуæн цау – Дзæуæгигъæуи Дзанайти Азанбеги номбæл аййевæдти училищей фæззиндтæй, æ ахурдзаутæ æма ахургæнгутæ рагæй кæмæ бæлдтæнцæ, уæхæн спортивон зал. Нури уæнгæ си ци «спортзал» адтæй, уомæн æ уавæртæ адтæнцæ бустæги унгæг, æма багъæуаги училищей ахурдзаути исиуазæг кæниуонцæ æндæр ахургæнæндæнтти.

Училищей ахурдзаутæн æма сæ ахургæнгутæн арфæ кæнгæй, Тускъати Таймораз куд загъта, уотемæй спортмæ абони ес сæрмагонд цæстингас.

– Физикон културæ æма спорти райрæзт æй паддзахадон политикæ. Бæрзонд спортивон уæлахезтæмæ турнун æй цæветтойнаг гъуддаг. Фал нæ нисан æй æнæнез наци гъомбæл кæнун, байархайун, цæмæй æнæнездзийнадæ фæсевæдæн исуа сæ царди сæйраг бундортæй еу.

Æма уотæ ке уодзæнæй, уобæл дзорæг æй, физикон културæ æма спорти архайæг фæсевæди нимæдзæ анзæй-анзмæ ке фулдæр кæнуй, е.

Цитгин иуазгутæн арфæ ракодта Аййевæдти училищей разамонæг **Фидарати Фидар** æма косгутæ, ахурдзаути номæй Тускъати Тайморазæн хузæ балæвар кодта.

***

Еума хатт æй зæгъæн, хъæбæр æхцæуæн æй, æгайтима нæ республики уоййасæбæл агъазиау æй нæ национ културæбæл ауодундзийнади гъуддæгутæмæ цæстдард, берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт цæуй е ʻнтæстгин райрæзти сæрбæлтау.

Нæ култури къабази ци ахсгиаг проекттæ исаразуйнаг æнцæ, етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ рæстæгæй-рæстæгмæ бæлвурдæй каст æрцæуй нæ республики Проектон офиси æмбурдти.

Зæгъæн, уæхæн æмбурдтæй еуеми æрæги, сæрдареуæг си кодта нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, уотемæй дзубанди цудæй еци фарстатæбæл.

Куд си амунд æрцудæй, уотемæй идарддæр куст цæуй Мæздæги района станицæ Новоосетинскаяй искурдиадæгин поэт Гурдзибети Блашкай хæдзарæ-музей байгон кæнунбæл. Поэт кæми райгурдæй, еци хæдзарæ 2020 анзи иссæй республики есбойнадæ. Нуртæккæ профилон ведомствитæ цæттæ куæнунцæ исуйнаг музейи райарæзти проект. Специалисттæ косунцæ хæдзарæ-музейæн экспонаттæ бамбурд кæнун æма экспозиции пълантæ исаразунбæл дæр. Уомæй уæлдай, бæрнон ведомстви минæвæрттæ архайунцæ, цæмæй Мæздæги района култури уодварни циртдзæвæнтæ хаст æрцæуонцæ туристон маршрутти номхигъдмæ.

Æмбурди архайгутæ æрдзурдтонцæ Цæгат Иристони киунугæдæнтти системи райрæзти фиццаградон проектбæл дæр. Уой фæдбæл цæттæгæнæн куст куд цæуй, уой туххæй лæмбунæг радзурдта Национ наукон киунугæдони директор **Хайманти Иринæ**. Æ дзубандимæ гæсгæ, республики киунугæдæнтти хизæг урух æй – е ʻсконди ес 133 аллихузон косæндони. Къабази куст райаразун гъæуй рæстæги домæнти аккаг. Аци архайди сæйрагдæр æй киунугæдæнтти фондтæ ефтонг кæнуни фарста. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма киунугæдæнтти нæ фагæ кæнуй дæсни специалисттæ. Аци æма иннæ ахсгиаг фарстатæ исæнхæст кæнуни нисани хæццæ цæттæгонд цæуй киунугæдæнтти системи ирæзти программæ. Уоми сæ бунат иссердзæнæнцæ тухстаг фарстатæ ралух кæнуни еугур мадзæлттæ дæр.

Исаразуйнаг программæмæ бахæссуйнаг уагæвæрдтæн хуарз аргъ искæнгæй, Битатри Вячеслав куд бафæдзахста, уотемæй проект бакæнун гъæуй дæсни æма фæлтæрдгун специалистти къохти – айдагъдæр уотемæй исирæздзæнæй гъуддаг.

Фиццаградон программæ «Култури» разамонæг **Атайти Мæдини** дзубанди ба еци æмбурди адтæй маддæлон æвзагбæл сæрмагонд рауагъдадон проект «Хурты хуртæн»-бæл. Уой фæлгæти нæ маддæлон æвзагбæл мухургонд цæудзæнæй сувæллæнттæн гъæугæ литературæ. Проекти нисан æй ирæзгæ фæлтæри маддæлон æвзагбæл кæсунмæ æхцул кæнун. Атайти Мæдини дзубандимæ гæсгæ, нури уæнгæ бæлвурдгонд æрцудæй проекти фæлгæти ци литературон уадзимистæ рауадздзæнæнцæ, уони номхигъд.

Сæрмагонд портал «Културон регион» исаразуни фарстай фæдбæл радзубанди кодта æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Медиа Сервис»-и генералон директор **Александр Минаев**. Куд загъта, уотемæй проекти бундорбæл арæзт æрцæудзæнæй республики култури къабази цаутæбæл дзорæг еумæйаг информацион портал. Еци информацион фæрæзни фæрци Цæгат Иристони култури къабази хабæрттæ базонунæй уæлдай, аййевадæуарзгутæн уодзæнæй театралон æма концертон мадзæлттæмæ билеттæ балхæнуни фадуат дæр.

***

… Ес уæхæн курухон загъд: «Еске артмæ уодæн батавæн нæййес!..» Уой уотæ лæдæрун æнгъезуй, æма адæймагæн æ уодæнцойнæ федар кæнунæн айдагъдæр æхе адæми уодварни гъæздугдзийнадæ æй агъазгæнæг. Еске фарни артæй ба ин уодрохсдзийнадæ некæд æма неци хузи уодзæнæй. Уой гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн æма удуæлдайæй архайæн нæ национ култури гъомусдзийнадæ гъомусгиндæр кæнунбæл.

**Æфсæддон комиссариатти косгути Бон бæрæггонд цæуй 8 апърели. Абони сæ бæрæгбон етæ бæрæг кæнунцæ ахсгиаг гъуддаг æнхæст кæнгæй – райдæдта нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти рæнгъитæмæ уалдзигон фæдздзурд. Аци уалдзæг æфсадмæ Цæгат Иристонæй æрвист æрцæудзæнæй 700 лæхъуæни.**





# ПАЙДАХÆССÆГ КУСТАДÆ ИРОНХГОНД МА УÆД...



**ХАЙТИ Ларисæ,**
химион наукити кандидат,
РАЕ-й профессор

ИРОНХУАТИ байзадæнцæ нæ раздæри царди адæм æнтæстгинæй кæмæй пайда кодтонцæ, еци гъуддæгутæй берæ кæцидæртæ. Зæгъæн, циллей золкъи кустадæ. Аци куст раздæр дзаманти беретæ кодтонцæ, уæлдайдæр ба гъæути цæргутæ. Нур ба имæ е 'ргом некебал æздахуй. Уотемæй ба экологон æгъдауæй циллей золкъæ æй кæдзос цæрæгой, уомæн æма цæруй тута бæласи сифтæй. Ку раустур уй, уæдта æхебæл райдайуй нивæндун нимæдзæ асти хузæн, æ уæле сæ кæрæдзебæл нихасуй æма си рауайуй тумбул къубулойнæ. Еци къубулойнæ ихалун ку райдайай, уæд си рауайуй дессаги рæсугъд, сæнтуорс, цæхæртæкалгæ цилле халæ. Уогæ ба аци листæг золкъæн ци дессæгтæ бантæсуй, зæгъгæ, деси бацæуй адæймаг. Аци халæ аллихузи хуарæнтæй хурст ку 'рцæуй, уæдта си хъумац байтаунцæ æма си аллихузи дарæстæ хуйунцæ.

Цилле халæй конд уæледарæс бауæрæн æгириддæр неци зæран хæссуй, æхцæуæндзийнадæй уæлдай. Сауæнгæ ма си горцъетæ дæр аразунцæ, кæнунцæ си сапойнæ дæр. Мадта си медицинон кустади ба никки парахатдæрæй пайда кæнунцæ. Цæттæ си кæнунцæ, аллихузи незтæ ка дзæбæх кæнуй, уæхæн хъазар хуастæ. Аци золкъи медæгæ ес инсулин, æ коми ба ес фермент коконаза, æма гъе уой фæрци нивæндуй цилле халæ дæр.

Махмæ циллей золкъи куст, гъулæггагæн, некебал кæнуй. Фал иннæ бæститæ ба си парахаттæй пайда кæнунцæ нерæнгæ дæр ма. Зæгъæн, Китайи. Уоми си уæлдæр ранимад гъуддæгутæй уæлдай ма цæттæ кæнунцæ цитгин хуæруйнаг дæр. Махмæ ба 'й æ гъæлæси дæр неке бакæндзæнæй. Уомæн дæр æнæ зæгъæн нæййес, æма циллей золкъæ фиццагидæр уонæмæ фæззиндтæй.

Æз ма мæхуæдæг хуарз гъуди кæнун, хестæр фæлтæр махмæ дæр, уæдта нæ синхон Кæсæг-Балхъари дæр сæ кæстæрти хæццæ куд бундоронæй кодтонцæ цилле хали куст. Мадта уæди сабийтæ лискъæф афони бæлæсти сæрæй бунмæ нæбал хезиуонцæ, бафсæдæн син нæ адтæй адгин зайæгойæй. Лискъæфи ес берæ кальций, е ба, куд зонæн, уотемæй æстæг федар кæнуй, ес ма си берæ æндæр пайдахæссæг бауæргъæдтæ дæр.

Æрæги ба мæбæл æхцæуæн хабар исæмбалдæй. Цæветтонгæ, циллей золкъи еума гъæугæ менеуæг бæрæггонд æрцудæй. Медицинон наукити кандидат Галачити Сослани разамундæй кæстæр фæсевæд Махъоти Мæринæ, Махъоти Лаурæ, Сæвлати Ацæмæз, Хъарати Таймораз рартастонцæ, циллей золкъи къубулойни фæрци цъумур дон кæдзосгæнæн ке ес, уой. Уони гъудимæ гæсгæ, циллей къубулойнæ дони ку ниввæрай, уæд æхемæ æмбурд кæнуй аллихузи знаггадæхæссæг цъумур бауæргъæдтæ, еу загъдæй, дон кæдзос кæнуй, фæлсодзæни хузæн. Уой фæсте ба еци донæй æдасæй æнгъезуй пайда кæнун. Аци фæрæзнæ уæлдай хъæбæрдæр багъæудзæнæй æдзæрæг, æвадуат рауæнти бахауæг адæми. Аци æргъудидзийнади фæдбæл ба ма изолдæр фæлварæнтæ арæзт цæуй. Нури уæнгæ дæр æй куд некема æргъуди кодта?!. Сæ цæрæнбон берæ уæд, нæ искурдиадæгин кæстæртæн. Никки бæрзонддæр уæлахезтæ сæ къохи æфтуйæд! Æма бæргæ хуарз уидæ, нæ дзиллæ фæстæмæ се 'ргом ку раздахиуонцæ аци пайдахæссæг кустмæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# БЕРÆГЪ ФУСИ ЦАРИ ТУХТÆЙ ДÆР БЕРÆГЪ ÆЙ!..

**Нæ бæсти фæстаг рæстæгути æгæр исберæ æнцæ, фæсарæйнаг агенттæ ке хонунцæ, уæхæн къуæрттæ. Не 'хсæнадæн етæ агъазиау зæран ке хæссунцæ, е бæлвурд æй, фал син цæмæдæр гæсгæ паддзахади 'рдигæй гъæугæ нихкъуæрд лæвæрд нæ цæуй. Цæмæннæ? Кæмæй æма цæмæй тæрсæн кенæ æфсæрми кæнæн?.. Хуарз æма уæддæр фæсарæйнаг агентти туххæй уæрæсейаг закъонтæмæ рæстæгæйрæстæгмæ хаст цæунцæ расткæнуйнæгтæ, кæцити нисанеуæг æй еци къуæртти архайдæн гæрæнтæ аразун.**

***

***Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг агентадæ Левадæ-центри æсгаргутæ уæрæсейæгтæй фæсарæйнаг агентти туххæй закъонти медеси туххæй ке бафарстонцæ, уонæн се 'мбесмæ хæстæг (48%) куд нимайунцæ, уотемæй еци закъонти нисанеуæг гъæуама уа нæ бæстæ Хорнигулæни зæранхæссæг æрбавнæлдтитæй багъæуай кæнун. Фал æрфарст адæмæй алли æртиккаг дæр (30%) уотæ нимайуй, æма еци нæуæгдзийнæдтæ уой туххæй æнцæ, цæмæй хецаудзийнади архайди гъæндзийнæдти туххæй дзорунæн минкъийдæр гæнæнтæ уа. Раст зæгъгæй, уотæ гъуди кæнунцæ фиццагидæр фæсевæд. Социологтæ ма куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй фæсарæйнаг агентти туххæй закъонтæмæ ци нæуæг расткæнуйнæгтæ хаст æрцудæй, уони туххæй дзилли 49% неци зонунцæ, 41% ба цидæртæ фегъустонцæ, æма айдагъдæр 9% гъуддаг бæлвурдæй зонунцæ.***

**30% – хецаудзйинади архайди туххæй гъæнтæ æргом кæнуни хузи дзоруни равгитæ син цубурдæр кæнун.**

**22% – бæлвурдæй дзуапп раттун мæмæ зин кæсуй.**

**48% – фидибæстæ æ гъуддæгутæмæ ин Хорнигулæни æрбавнæлдтитæй багъæуай кæнун.**



## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу æнарæхсгæ курд æ синхонæн фæрæт искодта. Фæрæти хецау гъæдæмæ рандæй уестæ æркæнуни зæрдтæй. Фал куддæр еу уес æркодта, уотæ æ фæрæт фæцъцъола 'й. Лæг ма уестæ цæмæй æркодтайдæ, е ин нæбал адтæй, раздахтæй фæстæмæ. Сæхемæ дæр нæма бацудæй, уотемæй курдмæ бамедæг æй:*

*– Дæ фидистæн, амæй лæгъуздæр мин ци исаразтайсæ, уæхæнæй æндæр неци æрæфтудæй дæ зæрди?*

*Уæд ин курд еци æнæфсæрмийæй ку зæгъидæ:*

*– Æма ма дин уомæй лæгъуздæр ци гъæуама исаразтайнæ?*

***

– Гъе уæхæн æнарæхсгитæ æ рæстæги нæ паддзахади хецаудзийнади унаффæхæссæн бунæттæ æма нин нæ цардарæзт бабун кодтонцæ: советон догæй нæмæ пайдайаг ци адтæй, уони фехалдтонцæ, сæ бæсти ба бæззуйнагæй æгириддæр неци исаразтонцæ. Уогæ куд нæ исаразтонцæ – сæхецæй бонгинтæ исаразунмæ æгæрдæр ма исарæхстæнцæ. Махæн, хумæтæги фæллойнæгæнгутæн ба – еци курди арæзт нецæмæ бæзгæ фæрæти æнгæс цардиуаги уавæртæ…



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), номдзуд уруссаг финсæг: «Адæймаг цæйбæрцæбæл фулдæр дæттуй адæмæн æма минкъийдæр агоруй æхецæн, уойбæрцæбæл хуæздæр æй; цæйбæрцæбæл минкъийдæр дæттуй иннетæн æма фулдæр агоруй æхецæн, уойбæрцæбæл лæгъуздæр æй…»**

– Нæ нуриккон бонгинтæ, еугурæйдæр, ефстæгтæй уæлдай, цæлæмбудæй-цæлæмбуддæртæ, Лев Толстойи аци зундгин загъд нæ фегъустайуонцæ. Уогæ етæ уæхæн финсгути киунугутæ кæсгæ дæр нæ кæнунцæ, етæ кæсунцæ айдагъдæр чекти киунугæгæндтитæ. Уæдта Толстойи ку бакастайуонцæ, уæддæр ни не 'руагæс кæнуй, кæрæдзей хæццæ ерис кæнгæй, етæ ниггур-гур кодтайуонцæ, гъæуагæдзийнадæ ка æййафуй, уонæн се 'гæрон мулкитæй фæййагъаз кæнуни зæрдтæй. Уонæн сæ еристæ æндæр æнцæ – ке яхтæ агъазиаудæр æй, ке галауантæ парахатдæр æма ке мулкитæ фулдæр æнцæ…



**Эльвирæ НАБИУЛЛИНА, Уæрæсей Центрон банки сæрдар: «Фæстаг хатт ма æрмæги æхцатæй кæд пайда кодтон, уой гъуди дæр нæбал æркæндзæнæн. Онлайн-федундзийнадæ уæхæн аллибондзийнадæй æй…»**

– Æнæгъæнæ Уæрæсей сæйраг банки сæрдармæ, æвæдзи, уойбæрцæ æхцатæ ес, æма æ сæйрагдæр тухст æй кутемæйти сæ исхарз кæна. Хумæтæг адæми мæтæ ба 'й еуцæйбæрцæдæр хузæнон царди фагæ æхца исмадзал кæнун, сæ исхарз кæнун ба, баруагæс уи уæд, сагъæссаг нæ уодзæнæй. Исарæхсдзæнæнцæ, ести æхца сæ къохти ку уа, уæд.



**Георгий ОСТАПКОВИЧ, экономики Уæлдæр скъолай конъюктурон æртæстити Центри директор:– Уæрæсей æфсæйнаг æхцати бæрцæ агъазиауæй-агъазиаудæр ке иссæй, уой туххæй: «Етæ æцæгæйдæр бамбурд æнцæ адæммæ, зæгъун æнгъезуй, æртæлитрон банкити. Нуртæккæ уæхæн æхцатæ нæмæ фуридзаг ес…»**

– Уогæ нæ бонгинтæ (уонæмæ ба хауй Г. Остапкович) еци æфсæйнаг æхцатæ уингæ ба кæнунцæ? Уонæн се 'хцатæ гæгъæдитæ 'нцæ, уой дæр доллæртæ æма евротæ, даргæ ба сæ кæнунцæ фæсарæйнаг банкти. Æфсæйнаг æхцатæ ба хумæтæги адæммæ 'нцæ, фал си етæ авгин банкити æфснайунмæ нæ ададзунцæ – сæ «цæмæй фæццæрони» гъуддæгутæбæл хæрзти уайтæккæдæр фæуунцæ…

**Æртинсæй анзей размæ (1961 анзи 12 апърели) адæймаг фиццагидæр истахтæй космосмæ æма си æнтæстгинæй æрæздахтæй. Е адтæй советон тæхæг Юрий Гагарин. Уæдæй фæстæмæ 12 апърел нимад цæуй авиаци æма космонавтики Еугурдуйнеуон бон.**

***Нæ алфамбулай æрдзæ æма адæмимуггаги æмхузондзийнади туххæй зундгонд уруссаг финсæг Валентин Распутин (1937-2015) раст загъта: «Æрдзæ æ тæккæ идзаг æй аллихузон хуарæнтæй. Етæ нæ 'нцæ, зæгъгæ, уæд адæймаги цæстæн дуйне æнæмедес уазал цидæр фестидæ, æ уод æ реугудури æндзугæй лæууидæ. Уотæ адæмимуггаг дæр нацити***



Фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ нæ æрдзи фарнæ æригон гъæуайгæнгути рæнгъитæ.

# ÆРДЗÆ – НÆ КОВÆНДОНÆ, ХУÆРЗÆГЪДАУÆЙ СИ НÆХЕ ДАРУНБÆЛ ГЪÆУАМА АРХАЙÆН...



**САБЕТИ Аламбег,**

Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт эколог

ХУЦАУИ хуарздзийнадæ бафæндадтæй нæ адæмæн, æма 'й дессагдзийнæдтæй уæлдайгунтæй æнхæст æрдзæй фæххайгин кодта. Æцæгæйдæр уотæ ке æй, е ба бæлвурд æй уомæй дæр, æма Цæгат Иристони зæнхæбæл æрдзон равгитæ æма гæнæнтæ цæхгæрмæ хецæн хуз дарунцæ Уæрæсей берæ регионти хæццæ рабаргæй.

Махмæ ци агъазиау климæтон уавæртæ ес, етæ зингæ зæрдæмæдзæугæдæр æнцæ. Махмæ æрдзон бунæттæ гъæздуг æнцæ сирдтæй, мæргътæй æма аллихузон зайæгойтæй. Мадта нæ гидроминералон фæрæзнитæ дæр сæ цæмæдессагдзийнадæй адæмæн зæрдæмæдзæугæ 'нцæ. Курортон фæлладуадзæн гæнæнтæй ба нæ хуæнхон бæстæ æмбæрцæй рабарун æнгъезуй фæлладуадзæн экологон-курортон равгитæй игъустгонд Кавкази минералон дæнтти хæццæ.

Æцæгæйдæр, махмæ берæ ес фæлладуадзæн аллихузон равгитæ æма гæнæнтæ. Еуетæбæл си материалон фæрæзнитæ рагæйдæр харзгонд цудæй æма нерæнгæ дæр еуцæйбæрцæдæр цæуй, иннетæмæ ба адæймаги къох нури уæнгæ нæма бахъæрдтæй. Фиццæгти нимæдзæмæ хаунцæ, сæ зæнхæбæл еудадзугон кенæ рæстæгмæ фæлладуагъдæн объекттæ кæмæн ес, уæхæн æрдзон бунæттæ, санаторити алливарс гъæдбунтæ, фæлладуагъди раздæри базитæ æма æндæртæ. Дуккæгти нимæдзи ба æнцæ, гъæди тæлмитæ, минкъий æма устур цæугæдæнтти билгæрæнттæ, дзиллон кенæ хебарæ фæлладуагъдæн пайдагонд кæми цæуй, уæхæн нивæфтуд къумтæ.

Аци æрдзон бунæттæмæ еудадзуг цæстæдарæг ке нæййес, уой фудæй фулдæр рауæнти фæуунцæ æдзæллаг уавæри. Дæнцитæ ба æрхæссæн ес, цæйбæрцæ гъæуй, уомæй берæ фулдæр. Зæгъæн, фæлладуагъди тæлмитæ ахид фæууинæн æнæфснайдæй. Сауæнгæ ма Цæгат Иристони паддзахадон æрдзон фæдзæхстбунати æма Национ парк «Алани»-й æмбесонди рæсугъд фæзуæтти дæр фæлладуадзгутæ сæ фæсте ниууадзунцæ аллихузи берæ бугътæ, хуайраги уæлдæйттæ æма берæ æндæр цъумурдзийнæдтæ дæр.

Куд зонæн, уотемæй къотæртæ æма бæлæстæ уæлдай пайдахæссæг æнцæ нæ алфамбулай уæлдæф адæймаги цардæн уæлдай хуæздæр кæнунæн. Гъæдæ куд биотехникон фæрæзнæ, уотæ айдагъдæр гъæдæрмæг æма хуæрунæн бæзгæ уæлæнхасæн продукттæ нæ дæттуй, фал ма ин ес климæтаразæг, мæрæ æма дон гъæуай кæнуни гъуддаги ахедундзийнадæ дæр, еу загъдæй, æ нисанеуæгæн ин аргъ нæййес. Берæанзиккон зайæгойтæ айдагъдæр сæ фалæнбулай не 'ййевунцæ климæт, фал ма сæхецæй берæ идарддæр зæнхити дæр. Цъæх тæлмити ионхæлæмулæ уæлдæф дзæвгарæ фулдæр фæууй, æнæгъæдæ рауæнтæй. Специалисттæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй гъæди еу гектар анзмæ зианхæссæг бауæргъæдтæй уæлдæф ракæдзос кæнуй 18 миллион кубометри, ругæ ба си фæмминкъийдæр уй 34 процентæ. Уой хæццæ мæрæй айдагъ маргхæлæмулæ бауæргъæдтæ цъирд не 'рцæунцæ, фал ма сæ еугæндтæ дæр.

Еци еугур хабæрттæ нимайгæй, абониккон цардарæзти берæ æнæбунати миути фудæй фæлладуагъди тæлмитæ экологон лухкæнуйнаг фарстатæ, гъулæггагæн, уотид нæ исберæ 'нцæ, фал æгæрдæр ма исберæ 'нцæ. Фæстаг сæдæ анзей дæргъи нæ алфамбулай æрдзæбæл, уой хæццæ ба, фæлладуагъди рауæнтæмæ ка хауй, еци гъæдтæбæл дæр устур уæзæ æнцайуй. Ахургæндтæ куд рартастонцæ, уотемæй гъæдтæй хæдзардзинæй пайдагонд ке нæ цæуй, æнæгъæуаги хъæбæр сæ ке фæккалдтан, еу дзурдæй, экосистемити бундорон хæйттæмæ æверхъау цæстæнгасæй каст ке цудæй æма цæуй, уой азарæй экологон менеугутæ фæмминкъийдæр æнцæ 1,5-2 хатти. Е дæр ма уотæ фæууæд, фал гъæди фæзуæттæн сæ 90 процентемæй фулдæрæй нуртæккæ пайда кæнæн, гъæди кустити технологи ба еудадзуг ихæлд цæуй.

Экологон менеугутæ бæлвурд фæмминкъийдæр æнцæ фæлладуагъди æндæр тæлмити дæр, уæлдайдæр ба – зæнхити алли къæпхæнти фæзуæтти, дæнттæ æма думгити æндæвдадæй ке исмæгур æнцæ, уой туххæй. Еуæй-еу рауæнти сæ хъæбæр ниннайæ кодтонцæ кенæ ба син уарунтæ сæ мæрæ фæлластонцæ сауæнгæ хъæбæр фæлтæрти уæнгæ. Республики еуæй-еу æрдзон бунæтти уогæй, ахид фæууинæн ес гъигæдард, кенæ ка бахускъæ 'й, уæхæн бæлæстæ, сæ буни ци талатæ фæззайуй, етæ ба фæуунцæ æдзæллаг уавæри.

Аци бунæтти республики æрдзон фæрæзнитæ æма экологий Министради, Дзæуæгигъæуи уæлдæр æма сæрмагонд астæуккаг ахургæнæндæнтти студенттæ æма скъоладзау фæсевæди хъæппæресæй рæстæгæй-рæстæгмæ искæдзос кæнунцæ бугътæй, еумæйаг хъæуритæй æнхæстгонд æрцæунцæ фæлгонцадон куститæ дæр. Бæргæ хуарз уидæ æма уони еци арфиаг гъуддагæй ку бафæнзиуонцæ æрдзæй пайдагæнгутæ æма хецæн зæнхити хецæуттæ дæр. Уæд уомæй не 'рдзæ дæр æма не 'хсæнадæ дæр минкъий нæ рамолиуонцæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Цæгат Иристон-Аланий æрдзон фæрæзнитæ æма экологий Министради æртасгутæ куд дзорунцæ, уотемæй, куд хецæн цæрæн бунæттæ, уотæ республикæ, еумæ ку райсæн, уæд нæмæ цъæх фæлусти процент ниллæг æй. Зæгъæн, Мæздæги хъæртуй 13,8 процентей уæнгæ, Дигорай – 18,6, Æрæдони ба 'й 58,6 проценти. Мадта фæлладуагъди тæлмитæй фулдæр кæми ес, еци хуæнхон цæугæдæнтти бассейнити цъæх фæлусти процент ба 'й 13, уотемæй ба аллихузон донæмбурдгæнæн фæзуæтти е фæууй 19-53 проценти.

Нимæдзитæ уобæл дзорæг æнцæ, æма фæлладуагъди тæлмити экосистемæн ихæлд цæуй сæ экологон бундор æма е ба 'й гъæдæ. Æнæ уомæй ба æрдзæ гъæуай кæнуни æмуæзæнгæнæн нæййес. Зин балæдæрæн нæй, еци алæмæти къумти экологон менеугутæ ке фæмминкъийдæр унцæ, е лæгъузæрдæмæ ке зиннуй адæми æнæнездзийнадæбæл.

Фæлладуадзæн тæлмити æрдзон уавæр лæгъуздæр кæнуй адæми ниллæг культури азарæй. Æрдзи фæрæзнитæй мæ фулдæр фæууа, зæгъгæ, беретæ дæрæн кæнун райдæдтонцæ нæ еумæйаг






***берæ хузтæй æй ахедгæ, бæркадгин. Етæ кæрæдзебæл æмбæлунцæ нæуæг ести хуарз менеугутæ райсуни зæрдтæй, хæларæй, цæстуарзонæй кæрæдзебæл сæхе бæттунцæ, еу иннебæл ахур кæнуй… Нацитæ нцæ зæнхи фарнæ, сæ монцтæй идзаг æй æма федауй дуйне. Еугур еци дессæгтæбæл къох рауегъæн куд ес?..»***

гъæздугдзийнæдтæ. Мадта нæ алливарс химион, биологон æма генетикон æгъдауæй цъумур ке кæнæн, уой туххæй дæр фæлладуагъди берæ тæлмити экосистемитæ мæгурмæ æрцудæнцæ.

Нуртæккæ нæ зæнхити дууадæс æма инсæй проценти экологон æгъдауæй æнцæ тæссаг уавæри. Нæуæгæй сæмæ гъæуй базелун, мæрæ фæгъгъæздугдæр кæнуни туххæй мадзæлттæ исаразун. Уомæй уæлдай нæмæ ес, экологон бæлах кæми æрцудæй, уæхæн тæлмитæ æма ахæссунцæ нæ зæнхити фондз проценти. Нæуæгæй сæ цардæгас уавæрмæ раздахуни æма сæ пайда хæссунгъон искæнуни туххæй аци тъæпæнти гъæуй дзæвгарæ куститæ бакæнун. Ес нæмæ, экологон фидбилизтæ кæми æрцудæй, уæхæн рауæнтæ дæр æма æнцæ нæ зæнхити дууæ проценти. Еугур рауæнти дæр экосистемитæ фехалдæнцæ, нæуæгæй сæмæ базелун ба æнцон нæй, уæддæр е æй æнæмæнгæ исаразуйнаг ихæс.

Уавæр уотæ æй, æма аци бæлæхтæ еугурæйдæр æнцæ промышленнон, гъæуунхæдзарадон кустуæтти, уæлдайдæр автотранспорти хъуæци азарæй. Фулдæр хæттити си æрдзæ айдагъ хецæн рауæнти гъигæдард не ‘рцæуй, фал ма фæстæдæр дæр сæ зæранхæссæг фæстеугутæ рабæрæг унцæ, уавæр æркæнунцæ регионалон экологон фидбилизтæмæ дæр.

Зæгъæн, барæ лæвæрд кæмæн нæййес, уæхæн бугъæдæнттæ цардиуаги цъумурдзийнадæ, промышленнон уæлдæйттæ куд гъæуй, еци хузи æфснайд кенæ кустгонд ку нæ цæуонцæ, уæд лæгъузæрдæмæ фæззиннунцæ адæми æнæнездзийнадæбæл. Æма ‘й уæхуæдтæ уинетæ, еци гъуддаг нæмæ гъæугæ хузи арæзт æгириддæр ке нæ цæуй, уой, æма еци «уæлдæйттæ», куд æнгъезуй, уотæ æфснайд дæр не ‘рцæунцæ, кенæ сæбæл зинг ку бафтаунцæ, уæд равзурунцæ айдагъ метан, æвзалуитауæг газ æма æвзалуй тауæгадæ нæ, фал ма хлор, органикон еугæндтæ, диоксинтæ æма диоксинæнгæс бауæргъæдтæ. Етæ ба ‘нцæ тæссаг мæргтæ зæнхæбæл цæрæг еугур уодæгас организмтæн дæр.

Æма мæ идарддæр зæгъун фæндуй: барæ лæвæрд нæ фæууй, уотемæй уæхæн бугъдæнттæ рæстæгæй-рæстæгмæ минкъий нæ фæззиннуй, ци фæзуат æрахæссунцæ, е ба фæууй сæдæ гектаремæй фулдæр.

Фæстаг дæс анзи нæ республики æрдзон фæрæзнитæ æма экологий Министрадæ, æхсæнадон организацитæбæл, уæлдайдæр ба фæсевæдбæл æнцойнæ кæнгæй, берæ гъуддæгутæ аразуй регионы экологон уавæр фæххуæздæр кæнуни туххæй. Зæгъæн, рæхги æртæ æнæзакъон бугъæдони еуварсгонд æрцæудзæнæнцæ Беслæни. Уæхæн куститæ ма кæнун багъæудзæнæй Цæгат Иристони иннæ сахартæ æма гъæути дæр.

Æрдзæ гъæуай кæнуни гъуддагбæл архайди къохи зæрдæзæгъгæ бæрæггæнæнтæ бафтуйуни туххæй æрдзæй пайдагæнгути размæ айдагъ карз домæнтæ æвæрун фагæ нæй. Абони экологон ахурадæ бæлвурд фæххуæздæр кæнун гъæуй адæми еугур фæлтæрти, уæлдайдæр ба кæстæрти ‘хсæн. Æрдзæй пайда кæнуни культури æмвæзадæ уæлдæр ку исесæн, гигиени æма экологон нормативтæ ку нæ ихалæн, æма куд гæнæн æма амал ес, уотæ хауæццæгтæ æма фæрæзнитæ гъæуай кæнуни технологитæмæ бустæги ку рахезæн, уæд нæхе, нæ сувæллæнтти æма нæ цæуæти цæуæти дæр исæдас кæндзинан берæ фидбилизтæй.


Æрдзæбæл æригон ауодæнгæнгути разамонæг МÆРГЪИТИ Жаннæн дæр сæрмагонд хуæрзеуæг исаккаг кодта ХИДИРТИ Батраз.

Нуртæккæ махæн ахсгиаг æй нæ цæрæн рауæнти фæлгонцадæ дæр. Нæ алливарс уавæртæ æнæнездæр цæмæй уонцæ, уой туххæй фулдæр гъæуама садзæн газ, ругæ æма хъуæцæн бухсондæр ци зайæгойти хузтæ ес, уони. Архайун гъæуй уони фæзуат урухæй-урухдæр кæнунбæл – айдагъ сахарти æма гъæути медæгæ нæ, фал ма сæ алливæрсти дæр. Гъæуама цъæх фæлуст дæр дзуапдæттæг уа санитарон нормитæн. Нæ алфамбулай æрдзæ ку гъæуай кæнæн, уæд нæ адæми æнæнездзийнадæ дæр федардæр уодзæнæй æма уой иронх кæнун нæ гъæуй.




**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Нæ рагфидтæлтæй ма нин байзадæй ауæхæн зундгин загъд: «Ковæндонæ адæм кæдзос ку нæбал фæддарунцæ, æнæуагæ миутæ, хилтæ си ку фæццæуй, уæд, дан, æй æ изæди хай ниууадзуй, нæбал имæ фæттæхуй, æма си курдиади тухæ нæбал фæуүй…»*

*Аци загъд уомæ гæсгæ æримистан, æма махæн æй нæ ковæндонæ, æма си нæхе хуæрзæгъдауæй дарунбæл гъæуама архайæн… Цæмæй нæхе æнæгъдаудзийнади фудæй æ берæ хуарздзийнæдтæй, е ‘гæрон фарнæй ма фенæхай уæн… Аци фарста нин абони хъæбæр ахсгиаг æма сагъæссаг æй, уомæ гæсгæ ба ибæл финсдзинан нæ газети иннæ номерти дæр.*





*Зундгонд æхсæнадон архайæг, финсæг æма публицист Цæликкати Ахмæт (1882-1928) нæ адæми уодиконди туххæй сагъæстæ кæнгæй, уотæ загъта: «Ирон лæг æцæгæлон адæймаг æ хæдзарæмæ æрбахонуй æма 'й хуарз фæуунуй. Æнгъæлетæ, æстонги бафсадуни туххæй? Нæ, æ гъуди бустæги æндæрбæл æй – кæддæр æма кæмидæр æй æ*



# ÆНОСОН ХАУЛЛИ

**КОКИТИ Геуæрги**

Кизгæ сосæггай кудтæй, æ цæстисугтæ ба гæр-гæрæй калдæнцæ урундухъмæ, Хуцауи æлгъист æнсувæр ба 'й кæми еуæрдæмæ нихъхъури кæнидæ, кæми ба иннердæмæ.

– Ледзæн, Хасан, ледзæн ардигæй, – зæгъгæ, кæугæ-кæугæ кизгæн ма æ арми бафтудæй исдзорун, æхуæдæгка, æ зæрдæ багъар уогæй, Бурхани реубæл æрхаудтæй, марди хузæнæй...

– Мæ зæрди фæндон мин базудтай, Доссанæ, æнæ мæн зæгъгæй дæр. Ледзæн Ирæфи æндаг фарсмæ, æндæр амал нæбал ес!.. Дони билæбæл нæ хезуй бæлæгъ, донуордæг ба мæ хуæздæр хъумайæгтæй къуар лæги хезуй æз æма дæу...

Доссанæ марди хузæнæй лæудтæй Бурхани гъæбеси æма ин æ дзубандитæй дæр нецибал фегъуста æма нецибал балæдæрдтæй. Хуцауи æлгъист æнсувæр æ хуæри æ гъæбеси фæккодта æма, судæймард куй æстæг куд раскъæфа, уотæ 'й раскъафта Ирæфи 'рдæмæ.

Ирæфи билæбæл Бурхани рагæй хизта бæлæгъи хурфи зæронд Абдули фурт – Сафар. Бурхан Доссани хæццæ бæлæгъи хурфæ ку иссирдта, уæд Сафар æстаунмæ февналдта æма Ирæфи тæх дони фатау æ комкоммæ бафаста. Сæ дзурд ци бæласи бунмæ адтæй, уордæмæ ма 'й минкъий гъудæй Бурхан æма Доссани, уотæ аллирдигæй къуар лæги рагæпп кодтонцæ æма Доссани рæсугъди арæхстгай бæхбæл исæвардтонцæ. Сæхуæдтæ ба сæ бæхтæбæл сæхе багæлдзгæй, дунд-далагъан фæцæнцæ унгæг талингæ коми...

Бурхан æ цæститæ тоги разилдта, æ фурмæстæй æ медбунати кинау низзилдæй, уæдта æрбадтæй æма бæхгинти фæсте кæсгæ байзадæй...

Дууæ фазон хурдзини сугъзæрийнæ гъолтæй идзагæй Бурхан æ цæстити кæронæй дæр нæбал фæууидта: кæсгæнттæ сæ сæ хæццæ раскъафтонцæ...

– Бахæдзаруат дæн... Батухæ мин кодтонцæ... Мæ хуæрæй дæр æма сугъзæрийнæ гъолтæй дæр ба айдагъ дæн,– уотæ æхе меднимæр дзурдта Бурхан. Цæф арси хузæн æ гъæрзун цудæй сабур æхсæви идæрдтæмæ...

Еци æхсæвæй фæстæмæ Бурхани зæрдæ дори хузæн нихъхъæбæр æй; хатир æма тæрегъæд ци 'й, уомæн Бурхани зæрдæ нецибал зудта, æ тог уорамун райдæдта æ хурфи, æ зæрдæ тог æма лæгъуздзийнæдтæ агорун райдæдта. Бурхан æнгъалдта, æма æ зæрди æрхæнтæ, æ устур тæрегъæдтæ исдзæбæх уодзæнæнцæ еске тогæй.

Фал тог тогæй не 'хснадæуй...

**-5-**

Бурхан æ мæгур къæсмæ уордигæй нæбал исcудæй. Уалдзигон изæри нæбал игъустæй Бурхани къæсæй Доссани зарун. Унгæг, тæссаг коми лæг нæбал фæууидтайдæ ефтонг бæлццон-бæхгин Бурхани хæдзарæмæ нæхстæргæнгæ. Дууæ фарасткъохон бæхбæттæни ревæдæй лæудтæнцæ æхсæвæй-бонæй Бурхани тургъи, æцæг сæбæл хаттæй-хатт лæг фæуууидтайдæ æхсæйвон угтæ æнафони зæрдхъурмæй гъæргæнгæ...

Дигоргоми дæр æма Кæсæги дæр фæккой æй мæнгæ хабар – Доссани, дан, Хасан-Бек раскъафта, зæгъгæ, фал ци рацудæй, ка 'й зонуй, уæдта Хасан-Беки кадæртæ фæуидтонцæ абæрегæй, æма еци хабар мæнгæ ке адтæй, е алкæмæй дæр баруагæс æй.

Рацудæй еу мæйи бæрцæ.

Бурхан гъезæмарæ кодта, æхецæн бæрæг бунат нæ ергæй. Æхсæвæй-бонæй хауллий рахауæ-бахауæ кодта сау лæгæтти æма хонхи фæсхъити, æхуæдæг ба, лæг ниуудзæ, фал, æнгъæлдæн, цъеу ратæхун дæр æ рæзти нæ уагъта. Бæлццон лæг рацудайдæ коми, силгоймаг рацудайдæ ескумæ, сабий рауадайдæ гъазунмæ – æгасæй неке раййервазтайдæ Бурхани цæрддзæф сагъадахъи кенæ ба хъæрæймаги фатæй.

Уотемæй æлгъист Бурхан æ маст иста алкæмæй дæр – раст, хæран не 'взаргæй.

Еуæй-еу хатт Бурхан бабæрæг кæнидæ æ мæгур райгурæн къæс; бустæги хъоди ибæл нæ кодта, фал си æхсæвеуат ба некæд кодта, бæрæг ефстагæй æндæр. Уæхæн сахæттæ ибæл искæнидæ, æма æ зæрди бурдæн фæссабурдæр уидæ еуминкъий, ба 'й фæндæуидæ баулæфун. Æ цъумур миутæ æ зæрди æрæфтуйуионцæ, æма уæд æхецæй æфсæрми кæнун райдайидæ... Æ хурфæмæ æригъосгæй, уæд Бурхан ниуудзидæ хонхи лæгæттæ æма къæдзæхбæл байагоридæ æ райгурæн мæгур къæс.

Фал æ арми ба, цит, некæд бафтудæй къæсæри сæрти бампъез кæнун...

**-6-**

Афонæй хуæздæр дæсни неци ес дуйнебæл лæги царди: æвдадзи хуасæ 'й афонæ зæрди рист æма зæрди æрхæнтæн. Ци нæ феронх кæндзæнæй афонæ зиндзийнадæй дæр æма æхцæуæндзийнадæй дæр...

Еухатт кæми адтæй, уоми æнафони фудæхсæви, Ирæфи галеу фæрсти билтæбæл фæцæйцудæнцæ дууæ бæхгини. Еу бæхгин ка 'дтæй, е æ бадтмæ гæсгæ, цума бæхбæл бадун æрæги базудта уотæ, уой тухххæй æма саргъи уæле æнцад нæ бадтæй, фал ракæнæ-бакæнæ кодта, уæдта, цит, сæпп-сæпп ку ракæнидæ, уæд æхе фæггубур кæнидæ размæ, æ къохтæй ба ниффедар уидæ бæхи барцæбæл. Гæрзтæй, бæхæй, кардæй æма топпæй æ раз неке райстайдæ: æ кæсгон сау нимæтбæл сугъзæрийнæ бид зилдагæй бæзгин æвæрд, æ хъæрæймаг ба сугъзæрийнæ æма æвзести бунæй зингæ дæр нæ кодта, æ бæхи хузæн ба Дигоргоми гъæуама лæг ергæ дæр не 'скодтайдæ.

Цубурдзурдæй, хуматæги бæлццон бæхгин ке нæ адтæй, е бæрæг адтæй.

Фал дуккаг бæхгин ба кæд дзаумауæй æма бæхæй уотæ рæвдзæ адтæй, уæддæр бæрæг адтæй, æ сабийæй бæхи рагъæй берæ ке нæ фестæг кодта, е.

Дууæ бæхгини, лимæнтæ ниууадзæ, фал зонгæ дæр ке нæ адтæнцæ, е бæрæг адтæй: æмвæрстæ нæ цудæнцæ, фал кæрæдземæй идæрддзæф, топпи æхсти бæрцæ.

Æхсæвæ уотæ мæйдар адтæй, æма лæг æ разæнгаг нæ уидта æгириддæр. Арв ку ферттевидæ, уæд бæхгинтæ кæрæдзей рауиниуонцæ...

Идæрддзæф арви нæрун цæун райдæдта.

Саудалингæ мегътæ арв бустæгидæр æрæмбарзтонцæ. Еугай æставд æртæхтæ кæнун райдæдта. Арви нæрун тухгинæй-тухгиндæр æма хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Идардæй райдайидæ нæрун, уæдта, цит, ниггæрах кæнидæ, кæми сау гъæди, кæми бабæй къæдзæхти. Къæдзæх сау фунукæй нинсарæ уидæ коми.

Сахуарун райдæдта.

Арв æма зæнхæ кæрæдзей хуастонцæ. Сирдтæ, мæргътæ сæхе арф бафснайдтонцæ...

Дууæ бæхгини ба уæддæр сæ фæндаг дардтонцæ. Сæ бæхтæбæл финкæй хъоппæгътæ рабадтæй, уæддæр сæхе ба нæ фæсвæд кодтонцæ сахуарунæй.

Раззаг бæхгин æ ампъез фæссабурдæр кодта барæй, цæмæй æй фæстаг бæхгин æрбаййафтайдæ, уотæ. Фæстаг бæхгин æй дзæвгарæ æрбахæстæгутæ кодта, фал уæддæр е 'мварс ба æхе барæй нæ кодта.

– Табуафси, зæгъæ мин раст, хуарз лæг, уæлæ къæдзæхбæл арви æрттивди ци еунæг хæдзарæ фæззиннуй Ирæфи билæбæл е Бурхани хæдзарæ нæй?

Фæстаг бæхгин æ бæхбæл фæстæмæ фæцæйхуæстæй? – А бæлццон силгоймаг æй – дзоруй æхенимæри. Хуцау ди исарази уæд, дæ хъурихаттæй дæ базудтон, æндæра дин дæ фæсонти мæнæ мæ хъæрæймаг ниххуфун кæнунмæ гъавтон... Ходуйнаг æма аллайаг кодтон еугур дзилли астæу «силгоймаг рамардта», зæгъгæ. Дæлуймонтæ цийнæй рамардайуонцæ уæд. Хуцау уæхæн фудæй багъæуай кæнæд æзнаги дæр. Гæрр æма кæми адтæй, кæцæй цæуй, ци хабархæссæг уа, цума? Силгоймаг уогæй, уæхæн гъæздуг арæзт кард, топп, бæх кæми иссирдтайдæ? Уотæ æхе меднимæр тæрхæнттæ кодта фæстаг бæхгин.

– Еци хæдзарæ Бурхани нæй, мæ сауæрфуг лимæн, – загъта фæстаг бæхгин, раззаг бæхгини баййафгæй. Æнæ мæнгæттæй адтæй Бурхани, фал нур ба æдзæрæгæй байзадæй. Бурхан æхуæдæг ба хауллий рахауæ-бахауæ кæнуй зæнхи æскъудти æма хонхи лæгæтти. Кæд аци фудæхсæви Хъазбеги æскъуди бадуй, уæддæр ин ка ци базондзæнæй...

– Æма ка фæнди ку цæра хæдзари, уæддæр, æз уотæ 'нгъæл дæн, æма цæуæггон лæги размæ ауæхæн фудæхсæви æ хæдзари дуар неке рахгæндзæнæй, зæгъгæ.

– Уобæл дзубанди дæр нæййес: бæлццон лæгæн дæр æма бæлццон саузæрфуг силгоймагæн дæр фусун алкедæр ке зæгъдзæнæй – е бæлвурд æй, – æхуæдæг ба æ цæстæ æхемæ æркъуæрдта. – Нæ хуæнхбæсти ци æгъдæуттæ хæтунцæ адæми астæу, Дигори дæр еци æгъдæуттæ хъæбæр цитгин æнцæ. Нур ба бал хуарз байрайæ, саурæсугъд, мæн тагъд цæун гъæуй, – зæгъгæ, загъта бæхгин æма, æ бæх ниццæлхъитæ кæнгæй, кизгæбæл фæййеуварс кодта. Кизгæ бæхгини фæсте кæсгæ байзадæй æма ма 'й еунæг уинд ракодта еу фæззелæни риндзæбæл арви ферттивди...

**-7-**

Бæхгин Бурхани хæдзари размæ æвваст равзурдæй. Бæхбæттæни къохбæл æ бæх бафтудта, æ нимæтæй æ бæх бамбарзта, уотемæй хæдзари дуар байгон кодта.

– Ка дæ, циуавæр дæ? – фæрсуй Бурхан цæуæггони, æхуæдæг ба дæргъæмæ æ ахур куд адтæй, уотемæй цъумур буйнаги гæппæлбæл æхе рауагъта.

– Хеуон дæн, Бурхан, ма тæрсæ – дзоруй иуазæг, æз Гули дæн.

– Æма кæцæй фæдтæ æнафони? Кæми адтæ нури уæнгæ? Куд некæцæйбал зиннис?

– Кæцæй фæдтæн? Кæцæй фæууниау дæн? Æхсæргинæй, æндæр кæцæй… Фал гъуддаг уобæл нæй, мæ хæлар...

– Мадта цæбæл æй?

– Мадта уобæл æй, æма лæгъузи дæргъæмæй ма лæууæ зæнхи, фал уæлæмæ исистæ æма дæхе барæвдзæ кæнæ: нуртæккæ дæмæ силгоймаг иуазæг фæззиндзæнæй, æма 'й естæмæй баиуазæг гъæуй...

– Силгоймаг иуазæг, зæгъис? – æвваст топпи фатау фестъæлфгæй, æхсицгон фарст ракодта Бурхан Гулийи.

– Гъо, гъо, æма ди кордзæнæй фусун æма кæрдзини къæбæр...

**Кæрон.**
**Райдайæн 11-аг номери.**

**Фашистон концлагерти ахæстити исуæгъдæ кæнуни Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй 11 апърели. Уони æхсæн адтæнцæ мах республики цæргутæй дæр беретæ.**

*иуазæг растаудзæнæй: Тотраз кенæ Сослæнбеги хæдзари мæ цæйбæрцæбæл дессаг уинд фæккодтонцæ!.. Кадæбæл мард фусун...» Уæдта ма уотæ дæр финста: «Ирон лæг æ фæстаг стори равгæрдуй хистæн æма гæвзуккæй байзайуй. Мадта!.. Адæм уотæ ку зæгъонцæ: «Æ мæрдтæ ци бахуæронцæ, е син нæййес... Ходуйнаг...»*



– Фунтæ дзорис æви де 'цæгæй дзорис? Ци? Куд? Æнафони... силгоймаг... еунæгæй...

Æма цæмæй, кенæ бæ кæмæй фæттарстæ? Сирдæй ин тас нæй, уой туххæй, æма гæрзти хæццæ 'й; лæгæй ба – ци лæг æ къох исæргъувдзæнæй силгоймагмæ? Хъæбæрдæр ба фæндаггонмæ? Кенæ ба, Бурхан, уой нæ зонис, æма фæндаггон силгоймагæн ка батухæ кæна, ка 'й рамара, уомæн мæрдтæмæ над ке нæййес, уой? Фæндаггон-силгоймаг ци лæг рамара, уой дæлуймонтæ, сирдтæ æма адæм листæг пæскъутæ фæккæнунцæ... Фал æз дæр минкъийтæбæл устур бæлахи æфтудтæн: лæги рæуаги 'й марунвæндæ кодтон. Æма сайтан дæр, æнгъæлдæн, нæ ниллæудзæнæй уой гæрзтæмæ æма бæхмæ.

– Æма, зæгъис, æ бæх хуарз бæх æй, Гули?

– Хуцау æма ди зæнхæй, Бурхан, баруагæс уæд, уæртæ мæ саулох уой бæхи фарсмæ мæнæ тикиси бæдолæ куд æй, уомæй дæр мæмæ æвæлгъазæдæр фæккастæй. Уæхæн бæхбæл æнæ фæстæмæ фæккæсгæй раттинæ мæ рахес цæстæ æма мæ галеу къох.

– Уæд гæрзтæй ба куд æй?

– Æвзестæ æма сугъзæрийни бунæй æ кард зæгъæ, æ топп зæгъæ, зингæ дæр нæ кæнунцæ.

Сугъзæрийни бунæй зæгъис?.. Ци æнæзунд дæ, Гули, ци, æз ба дæ минкъий зундгиндæр ку æнгъалдтон, ду ба еугур æнæзунд ку разиндтæ: цъæх кизгæбæл еунæг фат бавгъау кодтай...

– Æнгъæлдæн æма, Бурхан, дæхе кеми нæбал дæ? Ходуйнаг дин нæй, дзæгъæйлаг, уотæ зæгъун? Силгоймаг мин марун кæнис? Уæхæн гъуддаг нæ хуæнхбæсти нури уæнгæ ку некæд æрцудæй. Ходуйнаг æма зайраг кæнун мæхе дзилли астæу. Ду ба мин уотæ зæгъун куд бафæразтай уæд?

– Уæхæн гъуддаг æцæгæй некæд æрцудæй, фал, гиаурти загъдау: «Цадæ ку уа, уæд си сайтæнттæ ба сæхуæдтæ исæвзурдзæнæнцæ». Амал ку уа лæгæн, уæд фæстæмæ нæ фæккæсдзæнæй...

– Банцайæ, Хуцау кæмæн нæййес, кæд ма дæ цæсгони æфсарæ æма лæги тогæй еуминкъий ес, уæд... Æз æма ду кæд абæргутæ ан æма адæмæн фидбилиз, уæддæр дигорæнттæ хуннæн, дзæгъæйлаг, æма дæ уой иронх кæнун нæ гъæуй. Кенæ ба рагæй æносмæ дæр устурдæр тæрегъæдæй неци адтæй – силгоймаг рамарун æма фæндаггон лæги ма байуазæг кæнунæй устурдæр. Еци дууæ тæрегъæди ка бакæна, уомæн мæрдтæмæ над ниууадзæ, фал Елсиратмæ куддæр байампъез кæна, уотæ имæ дæлуймон æ гъунтъуз къах бадардзæнæй, æма, тæрегъæдгун дæлмагурти ахаст бауй... Раст Дзаханамамæ ниххауй... Нæ фидтæлтæ дæр, цит, уотæ зæгъиуонцæ... Цæй, Бурхан, нур уобæл берæ дзорун нæбал гъæуй, фал дæхе барæвдзæ кæнæ: фæндаггон силгоймаги байуазæг кæнун гъæуй, естæмæй æй хуарз фæууинун гъæуй... Æз ба хускъæ согтæ æма цирагъи амал ескæми фæккæнон.

Гули фендæдуар æй.

**-8-**

-Ци æдули дæ, Гули, ци, – зæгъгæ, загъта Бурхан æхе меднимæр, Гули согтæмæ ку фæййауон æй, уæд, – биццеу ма ку дæ, æз ба дæ лæг ку æнгъалдтон. Уой ка нæ зонуй, æма лæги кадæ еуæй-еу сугъзæрийнæй ке балхæнуй... Сугъзæрийнæ! Е дин мæ кадæ, мæ цæсгон, ме 'фсарæ. Хуарз бæх, хуарз гъæздуг гæрзтæ! Æллæх, æллæх мæнæ бабæй мæ зæрдæ куд исирадæй сугъзæрийни коймæ... Мæгургори хузæн бабæй ми мæнæ куд коруй тоги аргъ!

Бурхан æ бунатæй æваст фæггæпп кодта æма рагъæнæй æ хъæрæймаг æрæскъафта... Æ сиудонæй æд дор исиста æма 'й æ топпи къембури куд февардта, уотæ ба иссудæй бæхти къахгъæр дуари размæ, уæдта æхсигъæдæй æртæ хатти кадæр дуар арæхстгай æрбахуаста.

Бурхан æ гъостæ фергъувта æма дзоруй:

– Ка дæ е?

– Хуарз лæг, табуафси, фусун мин фæууо аци фудæхсæви... Уарун мæ еугур дзæлвæ никкодта, ехæнæй дæр багузавæ дæн... Мæ бæх дæр хъæбæр бафæллад æй арви æрттивдæй, уæдта уарунæй хъæбæр истентег æй, – зæгъгæ, æндæдуарæй дзоруй бæлццон.

– Мæ хæдзарæ хъæбæр унгæг æй, æма си бунат нæййес, уæлдайдæр ба дæу хузон хауллийæн...

– Дæ мадæ, дæ фиди хатир бакæнæ æма мин фусун фæууо, фæстæмæ мæ ма 'здахæ.



– Нæй, мæ бон дин неци 'й... Дæ фæндаг дарæ дæхецæн.

– Батæрегъæд кæнæ цæуæггонæн, Хуцау æма дин зæнхæ кæд ес, уæд. Амонд æма дин берекет бахæсдзæнæн дæ хæдзарæмæ...

– Мæ бон нæй, зæгъгæ нæ лæдæрис дзурд? Æнæ мастæй дæ фæндаг дарæ дæхецæн, – зæгъгæ, загъта Бурхан зустæй.

Бæхгин Бурхани къæсæрæй æ бæх фæстæмæ раздахта, æхуæдæгка йах – йахæй никкудтæй.

Бурхан æ топп æ усхъæй рафтудта æма, дуари цъасæбæл æ гъос ниввæргæй, нийгъуста бæхи къахгъæрмæ æма фæндаггони кæунмæ.

– Æцæгдзийнадæй силгоймаг ке 'й, е бæрæг æй æ кæунæй, уæдта æ хъурихаттæй дæр, – æхе меднимæр загъта æлгъист Бурхан.

– Цæй, дзебæл нæбал гъæуй нур. Афонæ 'й!.. Æма топпи фатау, æваст æндæдуар фæцæй.

Бурхани хæдзарæмæ еуæрдигæй æндæр иссæуæн некæцæй адтæй. Еци еунæг над дæр адтæй унгæг риндзæ – дууæ бæхгини, цит, ку исцурæвæрæ уиуонцæ, уæд аллах-биллæхтæй кæрæдземæн над раттиуонцæ. Надæй ку фæддæлвазæ адтайсæ, уæдта арф æма унгæг коми де 'стæги хъæзалæ дæр дин некебал иссирдтайдæ. Бурхан еци коми берæ адæмти батонаутæ кодта, æхуæдæг ба æ нивæндти робасти мардау, рансонидæ бунмæ æма, цит, уоми нинсарæ уиуонцæ. Берæ цæстисуг, æлгъиститæ æма Бурхани лæгъуздзийнæдтæ басосæг кодта еци ком Доссани уæйи бонæй фæстæмæ.

Бурхан æндæдуар ку фæцæй, уæд Гулий бæхбæл æхе багæлста æма, бæхгини разæй æхе фæккæнгæй, топпи хæццæ æ размæ бабадтæй комæн æ тæккæ унгæгдæр рауæни, риндзæбæл арæнсæни.

Сахуарун нæ сабур кодта, фал ибæл лæг лæдзæгæн ниххуæстайдæ.

Сугъзæрийни хузæн, арви æрттевагæ цæхгæрмитæ æма дæргъæмитæ хæнхитæ кодта сатæгсау арв; уæд, цит, ферттевидæ, уæд идæрдтæмæ дæр фæззинниуонцæ хуæнхтæ, къæдзæхтæ æма Бурхан æ топпи хæццæ риндзæбæл æнсарæни бадтæй. Идарди, цит, Гурдзи 'рдигæй арв ферттевидæ, уой фæсте ба арви гъæр иссæуидæ, куд хæстæгдæр, уотæ тухгиндæргæнгæ, уæдта æ гæрах фæццæуидæ цæстисуг æма лæгъуздзийнадæй æфсæст коми... Арви гæрахи фæсте зилдæгæй, цит, хуæнхтæ нимбохиуонцæ... Фал Бурхани Хуцауи æлгъист ба æстъæлфгæ нæ, фал æ цæстæ дæр не 'рникъулдта.

Æ бæх æ цуппæртæ æ буни расадзидæ, уотемæй еу къах-дукъахæй силгоймаг цæуæггон æрхæстæг æй Бурханмæ. Бурхан æ топпи цъух бæхгини реубæл февардта æма фæццудæй топпи гъæр... Бурхани топпи сампали æруагъд æма арви æрттивд фæййеу æнцæ... Ку фæррохс æй топпи æхстæй æма арви æрттивдæй, уæд хуæрæ æма æлгъист æнсувæр кæрæдзей рафæсмардтонцæ.

Фал топп æхст æрцудæй, топпи фатæн ма фæстæмæ раздахæн кæми ес...

– Бурхан!.. Ме 'нсувæр... зæгъгæ, фæгъгъæр кодта кизгæ, æхуæдæг ба зæрбатуги мардау, уæлбæхæй æрзилдæй риндзæмæ.

– Доссанæ!.. Мæ хуæрæ!.. – зæгъгæ, загъта Бурхан, цæф арси хузæн нимбохгæй, фал ма ци амал адтæй: изди фат мæгур кизги зæрдæ нæ бавгъау кодта...

– Хуцау ди ма 'сбоз уæд, мæ ходуйнаггæнæг, ме 'намонд æнсувæр! Ци бакодтай, æлгъист Дзумлет? – зæрдунгæгæй, æ уод есгæй дзурдта Доссанæ.

– Æртæ устур тæрегъæди бакодтай, ме 'лгъист æнамонд æнсувæр: ду мæн рауæйæ кодтай турккагæн сугъзæрийнæбæл, фал син надбæл ралигъдтæн. Хуæздæр бæх нæ ниууагътон бæхæргъауи, хуæздæр æма хъазардæр топп нæ ниууагътон сæ топпитæй, уотемæй ралигъдтæн мæ райгурæн хуæнхтæмæ, нæ мæгур къæсмæ. Æз зудтон мæн фæсте хъæбæр ке гъезæмарæ кодтайсæ уой, æма дин гъавтон дæ зæрдæ барохс кæнун, куд ме 'нсувæр, уотæ... Ду ба мæ æзнаги æздахт ракодтай фудæхсæви дæ хæдзари дуарæй... Силгоймагмæ дæ къох исæргъувтай, æма дæ еунæг хуæри рамардтай...

Нæ Дигоргоми, нæ хуæнхбæсти æностæй нури уæнгæ еци æртæ тæрегъæди некема бакодта дæуæй æндæр, æма ди Хуцау ма 'сбоз уæд... Арв æма дæ зæнхи фудæнхæ фæууæд, ме 'лгъист, æнамонд æнсувæр! Дæ развæндаг содзгæй, хаууллий хадт фæккæнæ дæ дуйнебæл. Дæ мард дин зæнхæ æхемæ ма райсæд, ду мæн куд ратардтай дæ хæдзарæй, уотæ. Дæ ном ходуйнаг æма аллайагæй байзайæд адæми 'хсæн дуйнебæл æносмæ. Нур ба дин мæ мæлæти размæ мæ фæстаг салам: арв æма дæ зæнхи фудæнхæ фæуæд, æлгъист силгоймаг марæг. Мæрдти дæр æма уæлæбæл дæр мин мæ тæрегъæд фæффедæ, ме 'лгъист æнсувæр!..

Мæгур кизгæ æ дууæ уорс къохи æ реубæл дзиуарæвæрд никкодта, уотемæй æ уод исиста, æ дууæ сау цæсти ба кæсгæ байзадæнцæ е 'нсувæрмæ цæстисугæй идзагæй.

Лæгмар Бурхан нирдеуагæ кодта, фал æ цæститæй ба еунæг цæстисуг дæр не 'рхаудтæй... Минкъий ма ралæудтæй æ хуæри марди сæргъи, уæдта, цæф арси богъ-богъгæнгæ, мæйдар æхсæви къæдзæхти астæу дунд-далагъан фæцæй.

***

Ку æрбон æй, уæдта Доссани мард надбæл иссирдта Гули æма 'й банигæдта.

Æртæ боней фæсте ба иссирдта Бурхани мард дæр: раст Бурхани хæдзарæ кæми адтæй, уоми рантæстæй еци æнамонд æхсæви æнæбун цъай. Еци æнæбун цъаййи хурфи Гули иссирдта Бурхани мард, ниттуппур уогæй.

– Уæдæй фæстæмæ, – зæгъгæ, ратаурæхъ кæнунцæ Дигоргоми, – тæрегъæдгун, æлгъист Бурхани хорауун хауллий хадт кæнуй Кавкази хуæнхти ходæгæй мæлгæ, æма æскъæруй Дигоргоми Турк æрдæмæ силгоймагæй цагъарæн уæйæ ка 'рцæуй, уони.

Æхсæвæ æнафони фæндаггон лæги размæ дæр хаттæй-хатт фæууй Бурхан, гъæлаходæ кæнгæ, æма 'й басайуй фусуни рæуаги æ цъаййи сæргъæмæ.

**Фондз æма æртинсæй анзей размæ (1956 анзи 10 апърели) Мæскуй П. Чайковскийи номбæл Паддзахадон консерваторий арæзт æрцудæй Хетæгкати Къостай номерæни цитгин мадзал. Къостай цард æма исфæлдистади туххæй си доклад искодта Хъæбæлоти Билар.**

*Номдзуд францусаг финсæг Эжен Ионеской (1909-1994) гъудимæ гæсгæ: «Нифс цæруй поэти бауæри. Поэзий уод, тог æма æстæг æй е. Поэттæ æнцæ еугур дуйней адæми зæрдæ. Финсгутæ æма хузæгæнгутæ сæ медæгæ хæссунцæ уарзондзийнадæ, хæссунцæ рæстдзийнадæ...»*



# «ÆЗ УЕ 'ХСÆН – МЕГЪТИ 'ХСÆН АРВÆРТТИВД...»

Айдагъдæр стъалутау, сæ еуети цæхæр, се 'рттивдæ æности медæги рæвдауй адæймаги цæститæ, æ зæрди ин игурун кæнуй цидæр æнахур уæлмонц æнкъарæнтæ, иннети рохс ба æстæфгæ дæр неке æркæнуй. Уæларвон тухæ син нæ раттуй зинги æскъæрнæгæй хай æма еци фæлорсæй зингæ дæр нæ ракæнунцæ.

Гибизти Оскар æхсæрдæсанздзуд уогæй, æхемæ æркæсун кодта æма устур деси бафтудта, сауæнгæ ма нæ курухон æма фæлтæрдгундæр финсгути дæр.

Оскар дигорон поэзимæ æ хæццæ æрбахаста, уæди уæнгæ зонгæ нæ, фал æстæфгæ дæр ке некæд ма æркодтан, уæхæн нæуæгдзийнæдтæ. Цубурдзурдæй, зæнхæбæл фæндон нæма рафсарстæй, уотемæй поэзий арви реубæл æхецæн бунат ракодта. Æмдзæвгæ нæ, фал ин æ уотид еунæг рæнгъæ дæр неке хæццæ ес фейиевдзигæнæн, поэт неке фæнзуй, неке тæвагæ имæ хъæртуй. Æррæстæ 'й, Хуцау куд равардта, уотемæй рацудæй æхе цубур æма æвæд фæндагбæл.

Оскари 'сфæлдистадæ 'й нæхемæ хуæнхаг сауæри хузæн сатæг, рæсог æма æвдадзæхæссæг. Куд фулдæр си ниуазай, уотæ си æдонугдæр кæнис, фæндуй ма дæ, никкидæр ма си еу хупп искæнун, уомæн æма адæймагæн дæттуй зæрдæхцæуæндзийнадæ æма цидæр æнахур нифс, куд арфдæр найай æ поэтикон цади, уотæ арфдæр си нихъулис, æнæбари дæр æй зудуолæфæ кæнис, уæлдæфау.

Фиццаг хатт æ цæстæ ка æрæввæра Оскари æмдзæвгитæбæл, уомæ, ка 'й зонуй, æма æнахургомау фæккæсдзæнæнцæ æ фæлгонцтæ, æ рабарститæ, фал е рæстæгми фæззинд æй, уомæн æма æ поэзи домуй арф гъудикæнуйнадæ. Нæ имæ иссердзæнæ дзæгъæл дæбал-дубул финститæ, æ алли дзурд, æ алли рæнгъæ дæр æй сарсийнæй листæг лæурст. Уой медæги æй сæ кæдзосдзийнадæ, сæ оригиналондзийнадæ.

Гибизи-фурти æмдзæвгитæ рæстæги хæццæ кæддæриддæр æмдзо кæндзæнæнцæ, карæ син нæййес, нæ син ес базæронд уæвæн, алли доги аккаг дæр æнцæ, уомæн æма æхсист, фесард æнцæ царди æцæгдзийнади курдбадзи, рæстдзийнади цæхæри. Уомæ гæсгæ, æндонау, зæлланг кæнунцæ адæймаги гъоси.

Поэт цардмæ еске цæстæй нæ кæсуй, фал æй æстæфуй æхердигонау, æхе зундæй ин аргъ кæнуй, уомæ гæсгæ уотæ бæрæг даруй æ поэзий хевæрцондзийнадæ.

Кæддæр Оскари 'сфæлдистадæбæл дзоргæй, Малити Васо æригон автори рахудта – феномен. Мадта, байруагæс уи уæд, Васой цъухæй ба уæхæн рабарст дзæгъæли хумæтæги не 'схаудтайдæ. Поэти бон адтæй æ поэтикон фæлгонц хумæтæги царди ести фæззелæни, кенæ дзаумауи хæццæ исбæттун, фал си уойхигъд уойбæрцæ уоди хъаурæ бауадзидæ, æма – фæнди денгиз уа, фæнди – гъæунгæ, фæнди – тефсег, æцæгау æристунцæ нæ цæстити рази, æма сæбæл адæймаг дузæрдуг кæнун райдайуй, атæ æцæг уодти хецау æнцæ, æви æррæстæ мигæнæнтæ...

Кæсис æмдзæвгæ æма къехæй райзайис, – ауæхæн гъудитæ, ауæхæн рабарститæ кæцæй ес æргъудигæнæн, зæгъгæ. Цума циуавæр тухæ, изæди хай æнхус кодта Оскарæн е 'сфæлдистади. Уæхæн бæрзæндæмæ 'й ка исхъæртун кодта? Еци фарста ахид раттун мæхемæ, фал ибæл дзуапп раттун ба мæ бон нæй. Æвæдзи, е дæр поэзий сосæгдзийнæдтæй еу æй.

Гибизти Оскари хæццæ базонгæ дæн 1977 анзи нæ республики æригон финсгути семинари. Адтæй ми анз кæстæр. Мæ бон уотæ зæгъун нæй, æма бустæги хъæбæр æрдхуæрдтæ адтан, зæгъгæ. Нуртæккæ беретæй фегъосæн ес нæ 'мдогонтæй, – Оскар мæ хæццæ хъæбæр лимæн адтæй, зæгъгæ. Етæ мæнгæ дзубандитæ 'нцæ, е æ рæсог уодмæ еунæгæй дæр хæстæг некæд неке бауагъта. Зин нивналæн адтæй æ тæнзæрдæмæ. Æ поэзи куд хецæн кæнуй, æхуæдæг дæр уотæ хецæн кодта адæмæй. Зинæуæндæн уоди хецау адтæй, уомæн æма, æ рæстæги æ фарсмæ ка 'дтæй, уонæй ибæл беретæ гадзирахаттæй ахид рацæуйунцæ, æма хатир ба нæ кодта уæхæн фæливдадæ. Адтæй еугæндзон раст æма иннети дæр уотæ æнгъалдта. Зæрди гъæнæ ба æрæгæмæ дзæбæхгæнагæ фæууй, уомæн фæгъæуй рæстæг. Оскарæн ба рæстæг нæ адтæй æ цубур царди.

Уогæ, уотæ зæгъун дæр мæ бон нæй, æма Оскар еугур æхгæд адтæй, зæгъгæ. Æ поэзи куд æнкъард æй, бустæги уотæ нæ адтæй, уарзта цард æ еугур фæззелæнтæ æма æуууæлти хæццæ.

Æз ма студент адтæн, уотемæй фембалдан Дигорай редакций æмбурди. Уордиги ку рацудан, уæдта мин Оскар уотæ бакодта: цæуæн Созури цирт фæууинæн, зæгъгæ. Бацудан уæлмæрдтæмæ æма циртдзæвæн баййафтан бустæги æнæкойгондæй. Бафснайдтан æй, байсæрститæ кодтан, уæдта 'й райдæдтан хуарун. Гъе уæд исхаудтæнцæ Оскари цъухæй мæнæ аци дзурдтæ Созури цирти рази: «Уæлæбæл мин дæ цори бунат нæ разиндтæй, фал мин уæддæр мæрдти дæ фарсмæ бунат æрцæттæ кæнæ», зæгъгæ. Уæд еци дзубандитæмæ мæ гъос бустæги уотæ не 'рдардтон: ку нæбал адтæй, уæдта мæ зæрди æрæфтудæнцæ.

Цубур адтæй Гибизти Оскари цард, трагикон ба æ хъисмæт. «Райевгъудæй мæ цард. Уотæ ма уарунбон райевгъуйуй. Хорискаст. Арвæрттивд. Арви гупп. Сæхсæх уард. Хорнигулд», – финста поэт. Куд идардмæ уинагæ адтæй, куд!

Куд фулдæр æнтæ цæуй, уотæ нæ никки хъæбæрдæр æхемæ æлвасуй Гибизи-фурти 'сфæлдистадæ, нæ хорхбæл нин æрвæдзæг æвæруй æ тухст æма трагикон кæрон. Нæ еу дæр ни нæ балæдæрдтæй æ уодæгасæй поэти сагъæс, æ мæтæ, æ уоди нигъгъæр. Æма нур ба фæсмони аги фицæн, нæ еугур дæр ихæсгин адтан уомæ фарс бадарунмæ, фал ни неке райевдалдæй, уæдта æхуæдæг дæр æмгæрон некæмæ цудæй, æргъæу кирау адтæй æ уод, е 'сфæлдистадæ, æстæнтæй уæлдай, игон кæнун некæмæн кумдта.

Оскари поэзи æй, берæ æнзти дæргъи ма исхъæртæн кæмæ нæма уодзæнæй, уæхæн риндзæ.

Поэти æмдзæвгитæ ма амæй размæ мухургонд цудæнцæ журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», еумæйаг æмбурдгонд «Уазай дæлфæзи». Рауагъдадæ «Ир», 1978 анз.

Фæстæдæр, цæмæй æ киунугæ «Слеза в глазу колыбели» хецæнæй рацудайдæ æ фæсмæрдæ, уобæл зæрдиагæй байархайдтонцæ Гибизти Руслан, æхе æнсувæр Астемур, киунуги редактор Скъодтати Эльбрус æма иннетæ. Оскар Дигорай ци скъолай ахур кодта, уой фарсбæл сагъд æрцудæй мемориалон фæйнæг æ номбæл. Е ба конд æрцудæй Æгъузарти Таймураз æма Лолати Батрази фæрци, æма сæбæл хуæрзауодæн кæнæд.

Аци æмбурдгонди ци æмдзæвгитæ æма æлвæст гъудитæ мухургонд цæуй, уонæй беретæн ес дугæй-цуппæргæй варианттæ, æма сæ гъуди еумæйаг ке фæууй, уомæ гæсгæ ба син равзурстан сæ нæуæгундæртæ. Оскари меддуйне, æ уодискондмæ, цардмæ æ цæстингас æма æ зæрдихатт бустæги хъæбæрдæр рагром æнцæ æ финстæгути, уомæ гæсгæ сæ мухур кæнæн, æхемæ куд æнцæ, уотæ – æнæйивдæй. Киунугæмæ ма хаст цæунцæ, поэти туххæй ци æмдзæвгитæ æма гъудитæ загъд æрцудæй, уонæй еуцалдæр.

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уотемæй, Оскар финста æ зæрди рæстдзийнадæ, æ уоди сагъæстæ, æ катай... Æрмæст æ еу æмдзæвги хæццæ исарази ун ба нæ бон нæй. Поэт финста: «Нæ гъæун мæ Дигори...»

Оскар, гъæр мæрдтæмæ дæр игъусуй æма мах гъæр дæр дæумæ фегъусæд. Ду алкæддæр гъудтæ æма гъæудзæнæ Дигори, Иристони адæми, цалинмæ ма не 'взагбæл еу дзорæг уа, уæдмæ! Æгæр æрæгиау нæ райевдалдæй дæумæ, æгæр æнæрæвдудæй рандæ дæ, æма ди уой туххæй ба хатир корæн! Есо Киристей царди бæрцæ адтæй æдеугурæй дæ цард æма уæхæн рæсогæй байзадтæ нæ зæрдити дæр.




Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№757.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 7.04.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфиститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**